

Kesyon moun poze souvan (Frequently Asked Questions, FAQ) pou fanmi sou aprantisaj adistans (remote learning)

Mesaj Chanselye Carranza voye:

Chè fanmi,

Pandan n ap travèse yon kriz sante ki san parèy avèk viris COVID 19 la, premye priyorite nou se sante ak sekirite elèv, fanmi ak estaf nou yo. Rapidman nou gen plis pase 1 milyon elèv nan vil la k ap fè tranzisyon nan aprantisaj adistans pou asire elèv yo kontinye aprann pandan tan sa a. Sa yo se sitiyasyon san parèy pou elèv, fanmi ak estaf nou yo. Mwen rekonesan anpil anvwè kominote lekòl nou yo poutèt yo fleksib pandan n ap demare ak aprantisaj adistans lan ak anvwè lekòl ak estaf nou yo poutèt y ap kontre avèk defi sa a avèk yon angajman ki gen anpil rezolisyon pou elèv nou yo.

Avèk aprantisaj adistans, pwofesè yo ka fè kou sou entènèt epi elèv yo ka fè devwa, pwojè ak egzamen menmjan ak si yo ta nan salklas la. Aprantisaj adistans kreye alafwa yon opòtinite pou elèv ak pwofesè fè entèaksyon sou entènèt epi li pèmèt elèv yo kontinye etidye matyè ak materyèl ki fè pati enpòtan nan kourikoulòm yo. Mwen espere koneksyon avèk kamarad ak pwofesè yo pral ede familiarize ak rekonfòte elèv nou yo nan moman inik sa a.

Aprantisaj adistans ap kòmanse Lendi 23 mas. Pandan n ap fè tranzisyon ansanm nan yon nouvo mòdvi, nou konnen pral gen kesyon ak konplikasyon ki pral vini, epi nou angaje pou nou kolabore avèk ou pou fè tranzisyon sa a pi dous posib. Pi ba a nou mete repons pou kesyon moun poze souvan (FAQ) pou fanmi ke nou pral kontinye mete ajou pandan n ap gen plis enfòmasyon.

Sipò enpòtan pou fanmi:

- Pou w mande yon aparèy pou pitit ou ka patisipe nan aprantisaj adistans, tanpri ranpli [sondaj sa a](#). Rele nan 718-935-5100 epi chwazi opsyon 5 si pou nenpòt rezon ou pa ka ranpli sondaj la sou entènèt. Nou mande tout moun pou ranpli sondaj la pi vit posib pou nou ka konekte w nan yon aparèy si w bezwen.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou jan pou kreye yon kont, gade [eksplikasyon ki sou sitwèb NYCDOE a](#)
- Si w gen kesyon sou kourikoulòm, devwa oswa sou eksplikasyon yo, kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a.

Nan inite,

Chanselye Richard A. Carranza

AKSÈ NAN APRANTISAJ ADISTANS AK SIPÒ POU PITIT MWEN AN

1. Kòman pitit mwen an pral gen aksè nan materyèl aprantisaj adistans yo?

Y ap bay chak elèv ki nan lekòl leta Vil Nouyòk zouti ak materyèl ki nesèsè pou aprantisaj adistans lan. Lekòl ou a pral kominike avèk ou sou regleman ki genyen pou aprantisaj adistans. Pou yo kenbe elèv yo konekte ak satisfè kondisyon akademik yo lè y ap aprann adistans, NYCDOE kreye kont elèv pou chak elèv. Kont lan ba w aksè nan Google Classroom ak nan Microsoft Office 365. Gade [enstriksyon yo sou sitwèb NYCDOE a](#) pou jwenn plis enfòmasyon. Si w pa kapab antre nan kont elèv pitit ou a, kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a. Gade sijè ki pi ba a: aparèy

2. Kòman mwen ka kontakte pwofesè pitit mwen an si mwen gen kesyon?

Chak lekòl gen pwòp mwayen pa yo pou kominike avèk fanmi, tankou pa imèl, Microsoft Teams, oswa lòt mwayen. Lekòl pitit ou a ap fè w konnen ki pi bon mwayen pou kontakte pwofesè yo. Si w bezwen èd, kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a Ale sou schools.nyc.gov/find-a-school si w bezwen enfòmasyon sou jan pou kontakte l.

3. Kòman pou m jwenn yon aparèy ki gen entènèt si m pa genyen?

Plizyè lekòl ap distribiye laptop ak tablet yo genyen epi n ap pwolonje tan pou pase pran yo pou asire fanmi genyen sa yo bezwen. Nou mande fanmi yo tou pou yo ranpli [sondaj](#) la pou pataje pi bon mwayen pou nou kontakte yo pandan pwochen semèn yo epi tou si yo gen yon smartphone, yon laptop/tablet/konpitè, entènèt oswa si yo pa gen okenn nan sa ki pi wo yo. N ap itilize enfòmasyon yo pou nou ka bay priyorite nan jan n ap distribiye aparèy yo ak pou nou enfòm fanmi yo sou kote yo ka ale pran yo.

REGLEMAN AK PLANIFIKASYON AKADEMIK

4. Kòman prezans pral afekte nòt pitit mwen an?

Lekòl yo gen sistèm pou kontwole prezans elèv. Lekòl yo dwe bay elèv nòt dapre pèfòmans akademik yo dabò. Elèv yo pa gen dwa pa pase kou poutèt yo absan. Si lekòl pitit ou a mete prezans nan kalkil nòt yo, yo pa p mete absans ki te la deja akòz COVID-19 nan kalkil nòt yo. Anplis, lekòl yo p ap mete prezans nan okenn kalkil nòt pou rès ane a.

5. Esi pitit mwen an pa ka fè devwa pou aprantisaj adistans lan?

Devwa adistans gen menm valè ak devwa anpèsòn yo. Nou atann pou elèv yo patisipe nan sesyon aprantisaj adistans lekòl yo fè menm jan nou atann pou yo ale lekòl la. Pwofesè yo ap bay nòt pou travay adistans epi y ap kontwole pwogrè akademik pandan aprantisaj adistans lan, avèk fleksibilite pou adapte regleman sa a avèk kondisyon aprantisaj adistans lan, kote elèv ka pa gen menm nivo aksè nan aparèy yo oswa nan lòt materyèl yo.. Si pitit ou a malad oswa si li pa kapab patisipe nan aprantisaj adistans pou nenpòt rezon, ou sipoze kontakte kowòdonatè paran pitit ou a pou l ka gide w ak ede w.

6. Kòman lekòl yo pral bay bay nòt pou travay elèv avèk tranzisyon nou fè pou aprantisaj adistans lan?

Pandan lekòl yo ap patisipe nan aprantisaj adistans lan, pwofesè yo ap korije travay elèv yo kòm dabitid ak dapre regleman lekòl la pou bay nòt avèk fleksibilite pou adapte regleman sa a ak kondisyon aprantisaj adistans lan kote elèv yo ka pa gen menm nivo aksè nan aparèy yo oswa nan lòt materyèl yo. Yo atann pou elèv fè devwa ak aktivite pwofesè yo bay nan delè yo bay la. Chak lekòl gen pwòp regleman pa yo pou kòman ak kilè pou elèv fè devwa ki anreta. Kontakte pwofesè oswa kowòdonatè paran pitit ou a si w bezwen plis enfòmasyon sou regleman pou lekòl ou a bay nòt pandan aprantisaj adistans lan.

7. Kòman tranzisyon nan aprantisaj adistans lan pral afekte desizyon pou chanje klas yo?

Pou klas Kindergarten rive 8yèm ane, lekòl yo gade plizyè pati nan travay elèv pou konnen si elèv yo pre pou pwochen nivo klas la. Pou klas 9yèm rive 12yèm ane, lekòl yo pran desizyon pou chanje klas dapre kredi ak egzamen yo fè, avèk fleksibilite pou adapte regleman sa a ak kondisyon aprantisaj adistans lan kote elèv yo ka pa gen menm nivo aksè nan aparèy yo oswa nan lòt materyèl yo. Yo dwe pran desizyon pou chanje klas dapre pwogrè akademik men pa dapre prezans. Fanmi yo sipoze atann pou lekòl yo pran desizyon pou chanje klas yo an jen jan yo ta sipoze fè l nòmalman. Kontakte pwofesè pitit ou a si w gen enkyetid sou pwogrè l ak si w bezwen sipò anplis.

8. Kòman sa pral afekte elèv ki nan pwosesis pou pran kredi nan lekòl segondè yo?

Aprantisaj adistans pral konsantre sou prepare elèv pou yo pase kou yo ak egzamen Regents yo. Elèv yo ap resevwa kredi nan fen kou yo si yo fè nòt pou yo pase.

9. Kòman tranzisyon nan aprantisaj adistans lan pral afekte enstriksyon edikasyon fizik

Pa gen eksepsyon nan kondisyon pou kou edikasyon fizik. Elèv yo ap patisipe nan enstriksyon edikasyon fizik kòm yon pati nan aprantisaj adistans la pou yo ka kontinye devlope konesans yo ak kapasite yo. Pwofesè edikasyon fizik pitit ou a pral fè w konnen sa y ap atann pou patisipasyon nan kou edikasyon fizik adistans.

10. Kòman repons pou viris COVID-19 la pral afekte elèv lekòl segondè ki konte gradye nan fen ane lekòl sa a?

Lekòl yo pral fè tout efò pou kenbe elèv yo sou chemen gradyasyon. Paegzanp ede elèv yo metrize kou yo ak prepare yo pou egzamen an jen. Plan aprantisaj adistans lan pral ede elèv yo kontinye avèk kou regilye yo.

Nan moman sa a, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) pa chanje kondisyon gradyasyon yo nan repons y ap bay pou viris COVID-19 la. Lekòl ou a pral kominike avèk ou sou opsyon gradyasyon ki disponib pou pitit ou a. Elèv ki pa satisfè kondisyon yo nan fen ane lekòl la, pral gen chans pou patisipe nan lekòl ete pou kontinye travay pou pran yon diplòm.

11. Kòman mwen ka ede pitit mwen ki nan lekòl segondè nan aktivite pou prepare pou kolèj ak karyè?

Elè yo ka itilize [gid sou aprantisaj lakay pou planifye pou kolèj ak akryè](#) DOE a pou jwenn resous sou eksplorasyon krayè, pou konprann pwosesis èd finansye ak pwogram pou elèv reyisi nan kolèj. Elèv yo ka fè tou [vizit vityèl \(sou entènèt\) nan campus kolèj](#).

Lekòl ou a ap fè w konnen tou kòman pou w konekte avèk konseye pedagogik ou a pou jwenn sipò anplis avèk plan kolèj ak karyè pitit ou a.

EDIKASYON ESPESYAL

12. Kòman y ap anseye pitit mwen an?

Si yo rekòmande pitit ou a pou ko-ansèyman entegre (integrated co-teaching), klas espesyal, oswa sèvis sipò pwofesè edikasyon espesyal (Special education teacher support services, SETSS) lekòl ou a ap fè tout efò pou fè aranjman pou li kontinye resevwa enstriksyon nan men menm pwofesè edikasyon espesyal ak parapwofesyonèl salklas ki anseye li anjeneral la. Yon moun nan lekòl ou a ap kontakte ou pou pale sou fason y ap bay enstriksyon an.

13. Èske y ap toujou fè reyinyon IEP pitit mwen an?

Wi. Y ap fè reyinyon IEP yo nan telefòn.

14. Èske m ap kapab fè yon rekòmandasyon pou yon premye evalyasyon oswa yon dezyèm evalyasyon?

Paran yo ka fè yon rekòmandasyon si yo voye yon imèl ba direktè a oswa nan specialeducation@schools.nyc.gov, oswa si yo rele 311. Yo ka fè evalyasyon yo adistans.

15. Èske pitit mwen an ap kontinye resevwa sèvis ki ede avèk bezwen espesyal li a (related services)?

Y ap bay *related services* atravè teleterapi oswa konferans videyo kote sa apwopriye onivo klinik. Founisè ak lekòl yo pral kontakte fanmi yo pou pale sou plan sèvis pou chak elèv. Founisè yo pral fanmi yo tou enfòmasyon sou aktivite yo ka fè lakay pou ranfòse travay *related services* la.

16. Èske pitit mwen an ap toujou gen aksè nan teknoloji sipò?

Lekòl yo pral travay avèk fanmi yo pou asire fanmi elèv yo rekòmande aparèy teknoloji sipò yo resevwa yo, epi yo pral kontakte fanmi yo pou fè aranjman sa yo.

17. Preskolè, lekòl Charter ak lekòl prive?

Lekòl Charter ak lekòl prive yo pral kontakte fanmi yo pou diskite plan yo pou sèvi elèv pandan lekòl yo fèmen. Elèv yo pral resevwa sèvis SETSS, SEIT, ak *related services* adistans, lè sa apwopriye, nan menm fason yo bay elèv ki nan lekòl distri a sèvis sa yo.

ELÈV K AP APRANN NAN PLIZYÈ LANG (MULTILINGUAL, MLL) / ELÈV K AP APRANN LANG ANGLÈ (ENGLISH LANGUAGE LEARNERS, ELL)

18. Kòman pitit mwen pral resevwa sèvis yo?

Chak lekòl pral kreye yon plan aprantisaj adistans pou asire elèv ELL ak ansyen ELL resevwa enstriksyon yo vize ann anglè avèk kantite sipò ki apwopriye nan lang natifnatal yo. Lekòl ou a pral kontinye konsidere fòs ak bezwen espesifik pitit ou a tankou nivo pèfòmans aktyèl li ann anglè ak nan domèn akademik kote li bezwen plis sipò. Y ap bay sèvis sa yo nan kolaborasyon avèk yon pwofesè ki sètifye kòm sadwa.

19. Kòman mwen ka chanje lang sou aparèy mwen an pou m mete lang mwen pi pito?

Ou ka chanje lang ki deja la (default) ak paramèt (settings) nan yon lang ou prefere sou pifò konpitè, telefòn ak tablet. Jeneralman w ap jwenn opsyon sa yo anba seksyon “Settings” ki nan aparèy ou a.

- Pou chanje langaj ki sou touch iPhone, iPad, oswa iPod, [swiv eksplikasyon sa yo](#).
- Pou chanje langaj ki sou aparèy Adroid ou a, [swiv eksplikasyon sa yo](#).

20. Kòman mwen ka tradui kontni ki sou entènèt yo nan yon lòt lang?

Google Translate se yon aplikasyon gratis, sou entènèt ki disponib sou pifò aparèy. Ou ka itilize l tou san koneksyon entènèt depi ou fin telecheje (download) li sou aparèy ou a. Ou ka itilize Google Translate pou tradui tèks, maniskri, diskou ak sitwèb nan plis pase 100 lang diferan.

Swiv eksplikasyon sa yo pou download Google Translate:

- Sou konpitè w la, enstale Google Chrome web browser si w potko fè sa. Google Chrome gen ladan opsyon Google Translate.
- Pou iPhone ak iPad, download app Google Translate la nan [app store](#).
- Pou aparèy Android, download app Google Translate la nan [Google Play](#).

EVALYASYON AK RESPONSABLITE

21. Kòman sa pral afekte egzamen ofisyèl Eta Nouyòk yo pou klas 3yèm-8yèm ane?

Depatman edikasyon eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) sispann egzamen konpozisyon anglè (English Language Arts, ELA) ak Matematik.

22. Kòman repons pou COVID-19 la afekte elèv k ap pran egzamen Regents yo?

Elèv ki nan kou Regents yo sipoze planifye pou pran egzamen Regents yo an jen. Yo toujou pèmèt elèv yo pran egzamen Regents pou kou yo, kèlkeswa pèfòmans oswa prezans yo.

Pou egzamen Syans Regents yo, elèv yo dwe jeneralman gen 1200 minit laboratwa kòm kritè. NYSED anile kritè sa a pou ane sa a. Elèv sipoze fè aktivite pwofesè syans lan bay men yo pa oblije fè 1200 minit travay laboratwa a anpèsòn.

23. Kòman repons pou COVID-19 la pral afekte sondaj lekòl Vil Nouyòk la?

Sondaj lekòl Vil Nouyòk la ap pwogrese epi l ap kontinye. Si w gen sondaj ou a deja, ou ka ranpli l sou papyè oswa sou entènèt nan [NYCSchoolSurvey.org](https://www.nycschools.org/survey). Si w poko resevwa yon sondaj oswa yon kòd, ou ka jwenn pa w la si w rele nan 1-877-819-2363. Ou ka itilize tou zouti *code lookup* la si w ale sou [NYCSchoolSurvey.org](https://www.nycschools.org/survey) nan paj login sondaj la epi klike sou youn nan sondaj yo kote ou wè “Ranpli sondaj la KOUNYE A.” Delè pou ranpli sondaj la se 8 avril. Si lekòl yo reouvri pi ta nan prentan an, nou ka pwolonje sondaj la.

LIS SA POU FÈ POU PREPARE POU APRANTISAJ ADISTANS

Konsidere konsèy sa yo pou pi byen prepare oumenm ak pitit ou a pou aprantisaj adistans:

- ✓ Abitye w avèk chak [zouti dijital](#) pitit ou a pral itilize pandan aprantisaj adomil la
- ✓ Gade sa lekòl ou ap atann pou fè devwa ak pou konpòtman ki apwopriye sou aparèy ki gen entènèt sou yo.
- ✓ Mete yon espas pou pitit ou a itilize ki gen rapò ak estil aprantisaj inik li.
- ✓ Kreye yon woutin ak yon orè chak jou ki pral ede pitit ou a reyisi pandan l ap aprann lakay.
- ✓ Fè yon [lis aktivite](#) oumenm ak pitit ou a ka itilize anplis travay salklas li.
- ✓ Si w pa gen yon aparèy ki gen entènèt sou li, ranpli [sondaj](#) sa a pou w ka konekte sou youn!